



Pou Piblikasyon Imedya: 26/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MONIMAN ISTORIK ETA NOUYÒK YO AP LIMEN AK KOULÈ VYOLÈT POU JOUNEN ENTÈNASYONAL VYOLÈT LA POU ONORE SANSIBILIZASYON SOU EPILEPSI

Yo pral limen 14 moniman istorik yo ak koulè vyolèt nan aswè 26 mas la

Ekleraj la onore anviwon 215,000 Nouyòkè k ap viv ak epilepsi ak prèske 9,000 ki fèk dyagnostike chak ane

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a moniman istorik Eta Nouyòk yo pral limen ak koulè vyolèt nan aswè sa a pou Jounen Entènasyonal Vyolèt la pou onore Sansibilizasyon sou Epilepsi.

"Epilepsi se souvan yon kondisyon yo pa konprann ak estigmatize ki ka afekte moun ki gen tout laj ak orijin," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta Nouyòk fyè pou l patisipe nan ogmante sansibilizasyon lè l eklerè moniman enpòtan eta yo nan Jounen Entènasyonal Koulè Vyolèt (International Purple Day) la pou sipòte moun k ap viv ak epilepsi."

Epilepsi se yon maladi nan sistèm nève santral la ki lakòz kriz ki ka pa gen okenn kòz aparan epi ki rive plis pase yon fwa. Plis pase mwatye tan an, kòz epilepsi a enkonni. Lè yo ka detèmine kòz la, li pi souvan se akòz blesi nan tèt, enfeksyon oswa yon timè nan sèvo a, yon konjesyon serebral, maladi dejeneratif tankou maladi Alzheimer, itilizasyon sibstans oswa faktè ereditè.

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Epilepsi se yon kondisyon grav ki ka gen enpak ki dire tout lavi, men bon nouvèl la li souvan ka trete avèk medikaman epi pafwa operasyon. Lè nou ogmante sansibilizasyon pandan Jounen Entènasyonal Koulè Vyolèt la, n ap asire plis moun pral kapab reyalize bon kontwòl kriz yo ak yon pi bon kalite lavi an jeneral."

[Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(Centers for Disease Control and Prevention, CDC\)](#) estime ke 215,000 moun nan Nouyòk ap viv ak epilepsi aktif, yon maladi nan sistèm nève santral la ki lakòz kriz. Lòt etid sijere ke anviwon 9,000 moun dyagnostike chak ane nan Eta a.

Pami moniman yo pral limen yo genyen:

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)